


GRIP

Grip sezonye (Flu) se yon maladi respiratwa kouran viris grip la lakòz. Enfeksyon ak grip kapab lakòz maladi grav kay kèk moun.



Vaksen yo pou sezon grip la disponib pou tout moun ki gen laj 6 mwa oswa plis. Vaksen yo pwoteje oumenm ak moun ki bò kote w pou nou pa vin malad grav avèk grip.



Kimoun ki riske gen maladi grav?

- Granmoun aje yo
- Tibebe ak timoun piti ki poko gen 5 lane
- Moun ki gen sistèm defans ki febli
- Moun ki gen sèten andikap
- Moun ansent yo
- Moun ki gen sèten pwoblèm sante

Kisa sentòm yo ye?

- Lafyèv
- Malgòj oswa Tous
- Nen k ap koule
- Tèt fè mal
- Konjesyon
- Doulè nan Kò
- Kèplen
- Fatig

Kijan li transmèt?

Grip sezon an transmèt lè yon moun ki gen viris la touse oswa etènye, oswa lè yon moun manyen sifas ki gen viris la sou li epi apres a li manyen figi l.



Eskane Kòd QR a pou jwenn plis enfòmasyon.

Kontakte pwofesyonèl swen sante w si w gen kesyon. Jwenn swen medikal gratis oswa ak pri ba, menm si w pa gen asirans. Vizite philadelphia.gov/primary-care.

Limite pwopagasyon grip sezon an:

- ☒ Pran vaksen
- ☒ Rete lakay ou lè ou malad
- ☒ Lave men w souvan
- ☒ Evite kontak pwòch avèk moun ki malad
- ☒ Kouvri bouch ou lè w ap touse ak etènye
- ☒ Mete yon mask si ou malad
- ☒ Netwaye sifas moun manyen souvan yo epi pran dispozisyon pou rann lè a pi pwòp



Vaksen kont Grip Sezon yo

Yo mete vaksen yo ajou chak ane pou pwoteje moun kont souch grip syantis yo prevwa k ap pi kouran nan sezon sa.

Èske vaksen kont grip la kapab lakòz grip?



Non, li pa posib pou vaksen kont grip la ba w grip. Genyen de kalite vaksen kont grip: youn ki fèt avèk viris inaktive (yo touye), epi youn ki fèt avèk viris grip atenye (yo febli).

Toude kalite vaksen yo ede konstwi pwoteksyon kont viris grip la epi ni youn ni lòt pa kapab ba w grip la.

Poukisa sèten moun gen efè segondè?

Vaksen yo antrene sistèm iminitè a pou l rekonèt viris la epi pwoteje kò a kont maladi grav.

Pafwa pwosesis pou konstwi iminite kont yon viris gras a yon vaksen lakòz efè segondè, men anjeneral yo lejè epi yo dire sèlman 1-2 jou.

Efè segondè vaksen kont grip la se doulè oswa woujè nan anplasman piki a, epi pafwa maltèt, lafyèv, kè plen, oswa doulè nan misk.



Poukisa pou m vaksinen si m ka trape grip la kanmenm?

Vaksinasyon diminye risk pou w vin malad grav epitou li pwoteje fanmi ak zanmi ki gen plis risk pou yo vin malad gravman si yo ta trape grip la.

Kesyon pou w Poze Pwofesyonèl Swen Sante W

- Èske m gen nenpòt pwoblèm sante ki ta ka mete m nan plis risk pou m trape yon grip grav?
- Si m santi m malad, kisa m dwe fè pou sante m epi kijan m ka pwoteje moun ki bò kote m yo?

Jwenn vaksen nan yon sant sante, yon famasi, oswa kay pwofesyonèl swen sante w.

Pou plis enfòmasyon, vizite phila.gov/flu-shot.



Department of
Public Health

CITY OF PHILADELPHIA

Pwogram Preparasyon Pou Sante Piblik | 215-683-0806